

CORONAVIRUS (COVID-19)



KESTYON YO POZE SOUVAN RETRASMAN KONTAK

Kisa ki retrasman kontak?

Retrasman kontak se yon pwosesis otorite sante publik yo itilize pou avize moun ki te petèt rantre an kontak ak yon moun ki gen yon maladi kontajye epi konseye yo fè karantèn poukонт yo pou yo kapab pwoteje fanmi yo ak kominote yo. Si w te rantre an kontak ak yon moun ki gen COVID-19, yon reprezantan Divizyon Sante Biblik Delaware la, ki rele yon retrasè kontak, ap rele w pou fè konnen w te ekspoze. Y ap mande w rete lakay ou epi rete nan karantèn poukонт ou. Lè w fè karantèn poukонт ou sa ede ralanti pwopagasyon COVID-19 la epi sa ka ede kenbe zanmi w ak vwazen w an sante. Li enpòtan pou DSP a rantre an kontak ak moun ki teste pozitif yo pou kapab founi yo rekòmandasyon pou yo fè karantèn poukонт yo epi ofri sipò ak koneksyon pou sèvis yo (ki enkli fè tès si sa disponib).

Kisa ki yon kontak pwòch?

Kontak pwòch vle di yon moun ki te omwen 6 pye distans ak yon lòt moun ki gen COVID-19 pandan omwen 15 minit. Sa enkli (men sa pa limite ak) sa k ap viv nan menm fwaye ak, oswa se konpanyon entim, yon moun ki gen COVID-19 ap konsidere tankou kontak pwòch, menm jan an tou moun ki ap bay moun ki gen maladi a swen san li pa itilize ekipman pwoteksyon oswa prekosyon ki rekòmande yo. Viris ki lakòz COVID-19 la pwopaje sitou soti sou yon moun rive sou yon lòt, sitou atravè postiyon ki pwodwi lè yon moun ki enfekte tousé oswa estène. Ti gout sa yo kapab tonbe nan bouch oswa nan nen moun ki tou pre oswa li posib pou aspire li nan poumon yo. Pwopagasyon an pi pwobab lè moun yo nan kontak pwòch youn ak lòt (sou yon distans 6 pye).

Kiyès ki retrasè kontak yo?

Si ou teste pozitif pou COVID oswa ou nan kontak ak yon moun ki teste pozitif pou COVID, li posib pou reprezantan DSP yo rele w, oswa vizite w pèsonèlman si ajans sante a pa gen yon nimewo pou w. Retrasè kontak ki travay nan telefòn yo se oswa manb Gad Nasional Delaware la, oswa yon moun k ap travay pou NORC nan Invèsite Chicago, ki ap rele onon DSP. Retrasè kontak ki sou teren yo nan Delaware se anplwaye DSP nan inite Sèvis Sante Kominotè a.

Kisa yo fè?

Retrasè kontak yo rantre an kontak ak moun ki pwòch moun ki teste pozitif pou COVID yo pou asire yo moun sa yo kapab fè karantèn poukонт yo ak fasilité epi an sekirite pou ede yo ralanti pwopagasyon viris la. Telefòn ak retrasè kontak sou teren yo ap fè ankèt sou ka yo – ki vle di, y ap kontakte moun ki fenk teste pozitif pou COVID-19 la pou yo ka rasanble enfòmasyon siplemantè sou ki moun ki te nan yon distans sis pye pou 15 minit oswa plis avèk yo, epi founi enstriksyon sou kijan pou izole tèt yo an sekirite.

CORONAVIRUS (COVID-19)



KESTYON YO POZE SOUVAN RETRASMAN KONTAK

Ki enfòmasyon y ap kolekte sou mwen?

Reprezantan DSP yo ap bezwen konfime enfòmasyon pèsonèl ou tankou non, adrès ak nimewo telefòn, pou yo ka verifye ak kiyès y ap pale. Yo bezwen enfòmasyon sa a tou pou yo ka rantre an kontak avè w pou yo fè swivi pou wè si w devlope sentòm COVID-19 la. Y ap mande w enfòmasyon de baz sou sante w tankou kondisyon sante w ta ka genyen, epi si wi ou non ou gen yon metye ki mete w nan gwo ris tankou pwofesyonèl sante oswa gadri pou timoun. **DSP PAP kolekte nimewo sekirite sosyal, enfòmasyon bankè, enfòmasyon kat kredi, oswa estati imigrasyon.**

Kisa w pral fè ak enfòmasyon mwen an?

Y ap itilize enfòmasyon reprezantan DSP yo kolekte a pou ede kontwole estati sante w atravè apèl telefonik pandan peryòd siveyans lan ki dire jeneralman 14-jou. Pa egzanp, n ap mande w tanperati w, epi mande w si w santi kèlkeswa sentòm COVID-19 la. Nan mesaj tèks pou siveyans yo, imèl yo, oswa apèl yo, n ap mande w si w devlope lafyèv oswa kèlkeswa lòt sentòm COVID-19 la. Si w gen sentòm, sa ba nou opòtinite ba w konsèy sou tès ak swen medikal. Nou pa libere okenn enfòmasyon pèsonèl bay pubblik la. Yo pap pataje enfòmasyon w ak okenn moun oswa òganizasyon andeyò DSP (ki enkli imigrasyon, sèvis lafanmi, oswa fòs lòd yo) epi y ap itilize yo sèlman pou rezon sante pubblik.

Kijan y ap pwoteje konfidansyalite m?

Kisa k ap rive enfòmasyon m lè yo finn kolekte li?

Nap repeète ankò, nou pap pataje enfòmasyon w ak okenn moun oswa okenn òganizasyon andeyò DSP epi y ap itilize yo sèlman pou rezon siveyans sante pubblik. Enfòmasyon w lan pwoteje antanke lwa federal konfidansyèl nan eta a, kote yo entèdi DSP lan pataje enfòmasyon an. Y ap itilize li pou yo kontwole estati sante w atravè apèl siplemantè nan telefòn ou epi ede kanpe pwopagasyon maladi a. Nou pa libere okenn enfòmasyon pèsonèl bay pubblik la.

Kisa k ap rive si mwen ilegal?

Anyen. Enfòmasyon ou founi yo pwoteje epi yo la pou ede ekip kontwòl la pou redwi transmisyon COVID-19 nan. DSP la pa kolekte okenn enfòmasyon sou estati imigrasyon.

Si mwen vinn enfekte eske y ap pran pitit mwen yo?

Non, DSP pap pran pitit ou yo men y ap founi w konsèy sou kijan w ka pwoteje yo pou yo pa pran viris la pandan w ap izole tèt ou oswa fè karantèn poukout ou.

Eske yon retrasè kontak kapab dim kiyès ki ekspoze m?

Ditou pa. Yo pa gen enfòmasyon sa a espesifikman pou yo pwoteje vi prive moun ki teste pozitif pou COVID la.

CORONAVIRUS (COVID-19)



KESTYON YO POZE SOUVAN RETRASMAN KONTAK

Ak kisa pou m atann mwen si retrasè kontak vini lakay mwen?

Anplwaye Kominote Sante DSP yo antrene epi kòmanse ale nan kominote a nan mwa Jen an pou atenn moun nou pa gen nimewo pou yo. Gen anplwaye Kominote Sante DSP nan chak ekip. Y ap gen idantifikasyon antanke anplwaye eta a, epi li posib pou yo itilize yon chemiz ki idantifye yo kòm amplwaye DSP. Y ap itilize yon mas tou, pwotèj figi ak gan pou yo ka fè entèvyou a. Yap mande w pèmisyon pou yo poze w yon seri kesyon. Yo pap mande w pou yo rantre lakay ou amwenske yo pa kapab asire entimite w andeyò lakay ou a. Y ap lakay ou pandan anviwon 30-45 minit pou yo fè entèvyou a. Si gen plizyè manb nan fwaye w ki pou fè entèvyou, y ap lakay ou pandan plis tan.

Poukisa retrasè kontak yo travay ak pwotèj figi epi mas?

Paske virus la pwopaje atravè postiyon, li enpòtan pou anplaye DSP yo itilize mas ak pwotèj figi pou asire sekirite moun y ap sèvi yo

Eske retrasè kontak yo fè tès?

Non, yo sèlman fè entèvyou epi bay konsèy. Yo ka founi enfòmasyon sou lokal pou fè tès.

Kijan pou mwen fè tès COVID-19 la?

Vizitede.gouv/coronavirus epi klike sou lyen an pou fè tès pou jwenn yon lis lokal tès nan tout eta a. Ou ka toujou kontakte doktè premye swen w lan pou mande enfòmasyon.

Ki diferans ki genyen ant izòlman ak fè karantèn poukont ou?

Moun ki teste pozitif pou COVID yo dwe pratike izòlman. Izòlman enpòtan anpil nan prevansyon pwopagasyon virus la. Sa vle di separe moun ki malad yo ak lòt moun ki nan kay la pou anpeche virus la kontinye pwopaje. Moun ki dwe rete izole yo dwe rete lakay yo sòf si yo bezwen swen medikal, epi moun sa yo pa dwe al travay. Moun ki nan izòlman yo dwe rete nan yon chanb separe pa rapò ak lòt manb kay la toutan. Si yo dwe nan yon chanb ak lòt moun yo, yo ta dwe itilize yon pwotèj figi epi evite itilize espas an komen leplis posib. Moun ki gen sentòm anvan yo fè tès, ta dwe rete izole pandan 10 jou aprè sentòm yo kòmanse. Moun ki pa prezante sentòm yo dwe rete izole pandan 10 jou aprè tès yo a, oswa twa jou aprè sentòm yo disparèt – sa ki pran plis tan.

Moun ki rantre an kontak ak lòt ki teste pozitif pou COVID lan dwe fè karantèn poukont yo, sa vle di pou yo rete lakay yo pandan anviwon 14 jou, eksepte pou yo resevwa swen medikal. Moun sa yo pa dwe al travay non plis. Moun ki rantre an kontak ak lòt ki teste pozitif pou COVID la ta dwe gen yon lòt moun ki pote atik esansyèl pou yo lakay yo tankou machandiz ak medikaman. Enfòmasyon siplemantè disponib sou <https://coronavirus.delaware.gov/wpcontent/uploads/sites/177/2020/04/QuarantinevsIsolation-8-5-11-English-4.13.20.pdf>.

CORONAVIRUS (COVID-19)



KESTYON YO POZE SOUVAN RETRASMAN KONTAK

E si mwen pa kapab rete nan karantèn/izole tèt mwen an sekirite lakay mwen?

DSP ap founi w yon nimewo pou sèvis sosyal pou w kapab gen aksè ak sèvis ou bezwen yo. Si w pa gen yon telefòn, DSP kapab asiste w nan fè koneksyon pou yo.

Ki konsekans ki genyen si mwen refize fè karantèn/izole tèt mwen?

DSP ap mande w fè karantèn oswa izole tèt ou volontèman. Sepandan, si yon moun ki enfekte, oswa kapab enfekte, refize fè karantèn oswa izole tèt li, DSP genyen otorite legal pou li pouswiv li lajistis pou egzise moun sa a rete lakay li. Aksyon legal se toujou dènye rekou.

Si mwen dwe rete nan karantèn oswa izole tèt mwen eske m ap pèdi travay mwen?

Non. A pati nouvo règleman Depatman Travay Delaware la, patwon ou paka aplike pinisyon (revokasyon, rediksyon nan konpansasyon, elt.) kont ou pandan yo rekòmande w izole tèt ou. Si w kontinye gen preyokipasyon, rele Depatman Travay la nan 302- 761-8001 pou plis enfòmasyon.

Kisa ki rive lè travay/patwon an rele m pou mwen retounen pandan mwen nan peryòd izolman ak karantèn?

Rele Depatman Travay la nan 302-761-8001 pou plis enfòmasyon sou kijan pou jere sitiyasyon an.

Si yon moun nan travay mwen teste pozitif pou COVID-19 kisa sa vle dipou nou tout ki ap travay ak moun sa a?

Sa depann ki degré kontak ou genyen ak kòlèg ou an ki teste pozitif pou COVID la. Si yo deziyen w antanke kontak, li posib pou yo mande w fè karantèn poukout ou. Si yo pa deziyen w antanke kontak, ou pap bezwen fè karantèn poukout ou.

Konbyen tan sa genyen depi retrasman kontak la kòmanse?

Delaware gen retrasman kontak depi plizyè deseni pou lòt maladi kontajye ki enkli tibèkiloz ak malmouton. Espesyalman pou COVID-19, retrasman kontak kòmanse depi nan mitan mwa Me a.

Kiyès mwen ka kontate si m gen kesyon konsènan pwogram sa a?

Vizitede.gov/coronavirus epi klike sou bouton retrasman kontak la pou plis enfòmasyon.

Kijan m kapab aplike poum tounen yon retrasè kontak?

Enstriksyon sou fason ou kapab aplike disponib sou de.gov/coronavirus.